| DOKUMEN NEGARA | NAMA : |
|---|---|
| SANGAT RAHASIA | NO : |

# PENILAIAN AKHIR TAHUN
# MI PSM SATRIYAN
# TAHUN PELAJARAN 2023 / 2024

| | |
|---|---|
| Mata Pelajaran : Bahasa Jawa | Hari / Tanggal : Rabu, 27 Maret 2024 |
| Kelas : 6 ( enam ) | Waktu : 10.00 – 11.30 |

A. Tulisen aksara a,b,c, utawa d pinangka wangsulan kang kok anggep bener ana ing kotak kang wes disediakake !

1. Tegese kelantipan, yaiku......

a. cara usahane

b. kepinteran

c. kepinginan

d. panjalukan

2. Jupuk lan ngirim dhuwit ora usah antri ing ngarepe petugas bank, cukup nganggo kartu ATM, wis bisa nindakake jupuk lan ngirim dhuwit kanthi cepet. ATM singkatan....

a. Alat Tunai Mandiri

b. Anjungan Tunai Mandiri

c. Alat Tarik Mudah

d. Alat Tukar Menukar

3. Alat-alat iki kang minangka dadi perangkate komputer, yaiku

a. CPU lan monitor

b. keyboard lan eskalator

c. mouse lan eksalator

d. LCD lan traktor

4. Jaman saiki kabeh kebutuhane wong wis sarwa cumawis, kanthi cara gampang lan cepet bisa digayuh sing penting ana dhuwite, sakthek kliwer donya kaya-kaya dicekel tangan. Amarga saenenge irung njungkir padha nyekel HP. Jaman kang kaya ngene iki diarani

a. jaman modernisasi

b. jaman kulturisasi

c. jaman globalisasi

d. jaman internasionalisasi

LIVEWORKSHEETS

5. Nek dijaluki dhuwit diwenehana, nanging yen dheweke diwenehi dhuwit emoh. Gelemen Suta mung kertu saka plastik. Bedhekane cangkriman ing dhuwur, yaiku

a. mesin ATM

c. komputer

b. mesin diesel

d. internet

6. Pranyatan cangkriman: Cebloke ana ngisor, sing digoleki ing ndhuwur. Bedhekane cangkriman ing dhuwur yaiku ...

a. gendheng trocoh

b. nonton kapal mabur

c. wong lagi ngarah klapa

d. ngumbulake layangan

7. Sing kalebu cangkriman plesetan, yaiku ....

a. Lawa lima kalong telu dadine pira?

b. Kebo picak

c. Wiwowite lesmbodhonge

d. Pitik walik saba kebon

8. Gatekna tembang ngisor iki
Bapak pocung bisa nggereng bisa mbengung
Ngambah jumantara
Kaya manuk rajawali
Wira-wiri nggawa barang lan manungsa
Batangane tembang Pocung iki, yaiku

a. sepur

b. montor mabur

c. prau

d. sepedhah

9. Ing ngisor iki ukara kang ora kalebu cangkriman, yaiku ....

a. pak boletus

b. pitik walik saba kebon

c. sega sakepel dirubung tinggi

d. sing weweh bakal wuwuh

LIVEWORKSHEETS

10. Tehnasgitel kalebu cangkriman

a. pepindhan

b. plesetan

c. wancahan

d. prapatan

11. Cangkriman: Yen dikethok malah Batangane clana. Ganepe cangkriman ing ndhuwur, yaiku ....

a. cendhak

c. dhuwur

b. dawa

d. entek

12. Sawijining cangkriman, badhean utawa batangane nanas. Cang- krimane sing bener, yaiku ....

a. pitik kate saba sawah

b. pitik kate saba kebon

c. pitik walik saba meja

d. pitik walik saba kebon

13. Ukara ngisor iki sing kalebu cang- kriman pepindhan, yaiku

a. pindhang kileng

b. gerbong tulis

c. wiwawite lesba dhonge karwa pake

d. emboke dielus-elus, anake diidak-idak

14. Bapak pocung kedhul-kedhul tekan mendhung Ngambah jumantara Asal saka crobong wesi Yen kalantur bisa dadi tuk bebaya Cangkriman ing dhuwur batangane

a. wong ngrokok

b. asep pabrik

c. kenalpot

d. omah kobong

15. Kewan apa sing duweni sandhangan? Batangane kang bener, yaiku ...

a. baya

c. cecak

b. onta

d. jaran

LIVEWORKSHEETS

16. Ing ngisor kang ora kalebu cirine pidhato resmi, yaiku ....

    a. intonasi swara munggah mudhun

    b. intonasi dhatar

    c. migunakake tembung baku

    d. ukarane ukara jangkep

17. Perangan pidhato kang ngandhut pangarep-arep arane....

    a. wasana pidhato

    b. pangajab pidhato

    c. bebuka pidhato

    d. dudutan pidhato

18. Nganggo busana pantes lan prasaja ngadeg jejeg migunakake basa sing alus, sopan, lan gampang dimengerti, pandulune rata marang audien, iku mujudake ... pidhato.

    a. persiapan

    b. ancas/tujuan

    c. etika

    d. cengkoronagan

19. Atur syukur lan atur pakurmatan iku kalebu ... pidhato.

    a. pambuka

    b. isi utawa surasa

    c. panutup

    d. salam panutup

20. Sumangga sesarengan tumungkul wonten ing ngarsane Gusti Ingkang Maha Agung. Gusti ingkang sampun paring kanikmatan, kasarasan dhu- mateng kita sadaya. Ukara ing ndhuwur kalebu perangan pidhato sing arane

    a. wasana pidhato

    b. surasane pidhato

    c. bebuka pidhato

    d. dudutan pidhato

21. Pigunane handphone, yaiku kanggo

    a. ngitung rega nalika numpak taksi

    b. nyimpen data sajroning komputer

LIVEWORKSHEETS

c. komunikasi marang wong ana adoh

d. njupuk lan ngirim dhuwit

22. Ing ngisor iku kang ora kudu ana ing titikane cangkriman, yaiku

a. cekakane

c. bedhekane

b. batangane

d. gandhengane

23. Gatekna tembang ngisor iki!

*Bapak pocung bisa nembang bisa ngetung*
*Nggambar lan micara*
*Panganane pulsa listrik*
*Nadyan cilik bisa mangan isi donya*
*Batangane tembang Pocung ing dhuwur, yaiku*

a. laptop

c. montor mabur

b. sepur

d. handphone

24. Bocah cilik nggendong omah. Bedhekan cangkriman ing dhuwur, yaiku

a. semut

c. bekicot

b. rayap

d. walang

25. Batangane geni. Ukara cangkriman kang cocok, yaiku

a. Tibane ngisor digoleki ndhuwur.

b. Yen cilik dadi kanca, yen gedhe dadi mungsuh.

c. Yen mlaku sikile loro, yen mandheg sikile sepuluh.

d. Duwe rambut ora duwe endhas.

26. Gajah ngidak endhog pecah. Tegese sing pecah, yaiku

a. gajah

b. endhog

c. gajah lan endhog
d. ora ana sing pecah

LIVEWORKSHEETS

Gatekna tembang ngisor iki kanggo mangsuli soal nomer 7 lan 8!

Bapak pocung cangkemu madhep mendhuwur
Sabamu ing sendhang
Pencokanmu lambung kering
Prapteng wisma si pocung mutah kuwaya

27. Batangane tembang Pocung ing dhuwur, yaiku

a. sabuk

b. jam tangan

c. klenthing

d. mikropon

28. Tegese "kuwaya", yaiku

a. geni

c. angin

b. lemah

d. banyu

29. Cangkriman iki batangane kudu ngisi kothak-kothak sing wis dise- dhiyakake, yaiku

a. cangkriman wancahan

b. cangkriman peindhan

c. cangkriman prapatan

d. cangkriman plesetan

30. Ana kewan mapane ing HOTS alas. Saben wong mesthi wedi. Bareng digendhong dening manungsa, kewan iku ora medeni maneh, lan ora nyakot manungsa. Apa arane kewan iku? Bedhekan cangkriman ing dhuwur, yaiku kewan

a. cecak

b. onta

c. celeng

d. kethek

31. Para Bapak, Para Ibu, sedherek- sedherek, sebangsa lan setanah air ingkang kula kurmati. Puji syukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung, ingkang sampun anglu- beraken rahmat kalian hidayahipun. Ukara ing ndhuwur kalebu perangan pidhato sing arane

a. wasana pidhato

b. dudutan pidhato
c. pangajab pidhato
d. pembuka pidhato

LIVEWORKSHEETS

32. Muga-muga pengetan Hari Pendhi- dhikan ing taun ngarep bisa luwih regeng lan luwih rame tinimbang taun iki. Perangan pidhato iki diarani

a. pambuka

c. isi

b. pangajab

d. panutup

33. Minangka wakil kelas enem senajan mbesuk wis sekolah dhuwur panggah eling marang kabeh warga sekolah. Ukara ing ndhuwur kalebu perangan pidhato sing arane

a. wasana pidhato

b. dudutan pidhato

c. pangajab pidhato

d. pembuka pidhato

34. Metode pidhato kanthi luwih dhisik nyiyagakake garis-garis gedhene konsep pidhato kang arep disampekake, yaiku ....

a. impromptu

b. naskah

c. ekstemporan

d. memoriter

35. Kanca-kanca kabeh..
Aku sing kapilih dadi ketua panitia pengetan iki abot tanggungjawabku tumrap kaleksanane pengetan iki nganti paripurna mengko. Pengetan iki tanpa panyengkuyung sampean kabeh, uga bapak ibu guru, lan para siswa sasekolah ora bakal mlaku kanthi lancar. Mulane aku nyuwun lilaning ati mbantu sakabehing persiapan nganti kukute adicara. Ukara ing ndhuwur kalebu perangan pidhato sing arane

a. wasana pidhato

b. dudutan pidhato

c. pangajab pidhato

d. surasa pidhato

36. Gatekna tembang ngisro iki!

Bapak pocung tanpa untu darbe siyung
Badanira panjang
Tutukira pan pesagi
Dina-dina pucung nedha buntutira
Batangane tembang Pocung iki yaiku

a. gunting

b. buku

LIVEWORKSHEETS

c. setut

d. tas

37. Wacanen pethikan geguritan iki!

Aku lebur minggir Dadi wedhi pesisir
Mung kari pucuking ilatmu
Ndilat aku kalane kasepen
Sing dimaksudake pucuking ilatmu ing geguritan iki, yaiku

a. wedhi pesisir sing minggir

b. pucuking gegodhongan kang rubuh

c. ilate pengarang kang lebur

d. pucuking banyu ombak

38. Ndilat aku kalane kasepen. "Kalane" padha tegese karo ...

a. wiwitane

b. sawise

c. nalikane

d. sabubare

39.  Ukara ing sisih iku tegese …

a. Bapak pocung dudu watu dudu gunung

b. Bapak lagi tindak Surabaya

c. Bapak lagi sarapan

d. Bapak nembe sare

40.  …

a. 

b. 

c. 

d. 

LIVEWORKSHEETS